

## KAPAB fè Deskriptè pou Nivo Konpetans nan Lang Anglè, Klas Pre-Matènèl-12yèm Ane

Pou nenpòt nivo konpetans nan lang Anglè, **avèk sipò**, elèv k ap aprann lang Anglè yo kapab:

	Nivo 1 Elèv k ap Antre	Nivo 2 Elèv k ap Kòmanse	Nivo 3 Elèv k ap Devlope	Nivo 4 Elèv k ap Fè Pwogrè	Nivo 5 Elèv k ap Swiv Kou pou Gen Nivo
Konpreyansyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab montre imaj, mo, ekspresyon yo montre li</li> <li>Elèv la swiv enstriksyon aloral ki gen yon etap</li> <li>Elèv la asosye deklarasyon aloral yo avèk objè, chif oswa imaj ak desen</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab klase imaj, objè dapre enstriksyon li jwenn aloral</li> <li>Elèv la kapab swiv enstriksyon aloral ki gen de etap</li> <li>Elèv la kapab asosye enfòmasyon ki ant deskripsyon aloral ak objè, imaj oswa desen</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab chèche, chwazi, òdone enfòmasyon ki nan deskripsyon aloral</li> <li>Elèv la kapab swiv enstriksyon aloral ki gen plizyè etap</li> <li>Elèv la kapab klase oswa relye enfòmasyon yo avèk imaj, objè</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab konpare/fè diferans fonksyon, relasyon nan enfòmasyon aloral</li> <li>Elèv la kapab analize ak aplike enfòmasyon aloral</li> <li>Elèv la kapab idantifye kòz ak efè nan konvèsasyon aloral</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab fè konklizyon nan enfòmasyon aloral</li> <li>Elèv la kapab konstwi modèl ki baze sou konvèsasyon aloral</li> <li>Elèv la kapab fè koneksyon nan konvèsasyon aloral</li> </ul>
Konvèsasyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab site objè, moun, imaj</li> <li>Elèv kapab reponn kesyon WH- (kimoun, kisa, kilè, kite kote, kilès)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab poze kesyon WH-</li> <li>Elèv la kapab dekri imaj, evènman, objè, moun</li> <li>Elèv la kapab konfime enfòmasyon yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab fè ipotèz, li kapab fè prediksyon</li> <li>Elèv la kapab dekri pwosesis, pwosedi</li> <li>Elèv la kapab rakonte istwa oswa evènman</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab diskite sou istwa, pwoblèm, konsèp</li> <li>Elèv la kapab fè diskou, rapò aloral</li> <li>Elèv la kapab ofri solisyon dinamik pou kesyon, pwoblèm</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab patisipe nan deba</li> <li>Elèv la kapab eksplike fenomèn, li kapab bay egzanp, epitou li kapab jistifye repons yo</li> <li>Elèv la kapab ekspri ak defann pwendvi</li> </ul>
Lekti	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab asosye ikòn ak senbòl nan mo, ekspresyon, oswa dokiman sou anviwònman</li> <li>Elèv la kapab idantifye konsèp sou patikilarite ki enprime ak sou patikilarite tèks</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab chèche ak klase enfòmasyon yo</li> <li>Elèv la kapab idantifye enfòmasyon ak mesaj fòmèl</li> <li>Elèv la kapab chwazi modèl lang ki asosye avèk enfòmasyon</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab fè sekans imaj, evènman, pwosesis</li> <li>Elèv la kapab idantifye lide prensipal yo</li> <li>Elèv la kapab itilize sijesyon kontèks pou detèmine siyifikasyon mo yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab entèprete enfòmasyon oswa done</li> <li>Jwenn detay ki sipòte lide prensipal yo</li> <li>Idantifye fanmi mo, figi estil</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab fè rechèch rasanble enfòmasyon nan plizyè sous</li> <li>Elèv la kapab fè konklizyon nan tèks fòmèl ak nan tèks enfòmèl</li> </ul>
Redaksyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab mete lejann nan objè, imaj, dyagram</li> <li>Elèv la kapab bay repons pou yon kesyon rapid</li> <li>Elèv la kapab pwodui ikòn, senbòl, mo, ekspresyon pou transmèt mesaj</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab fè lis</li> <li>Elèv la kapab fè desen, ekspresyon, fraz kout, nòt</li> <li>Elèv la kapab bay enfòmasyon yo mande li nan enstriksyon aloral oswa alekri</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab pwodui yon ti kantite tèks eksplikatif oswa tèks naratif</li> <li>Elèv la kapab konpare enfòmasyon yo oswa fè diferans yo</li> <li>Elèv la kapab dekri evènman, moun, pwosesis, pwosedi</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab rezime enfòmasyon ki nan grafik oswa nòt</li> <li>Elèv la kapab korije ak revize redaksyon</li> <li>Elèv la kapab kreye lide oswa repons detaye</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv la kapab aplike enfòmasyon nan nouvo kontèks</li> <li>Elèv la kapab reyaji nan plizyè jan ak diskou</li> <li>Elèv la kapab ekri fòm/jan redaksyon</li> </ul>

Lekti Nivo 6

Lè y ap itilize enfòmasyon sa yo, yo dwe konsidere fason devlopman konesans elèv yo varye akòz laj, entèval nivo klas, divèsite eksperyans edikasyonèl yo ak andikap nan aprantisaj yo dekouvri elèv yo genyen (si sa anviyè)